



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL RAPLE NOUVOYÒKÈ NOUVO LWA KI EGZIJE PEYE TAN POZ YO PRAN POU TIRE LÈT TETE ANTRE ANVIGÈ APATI 19 JEN

Lejislasyon an egzije anplwayè yo pou yo bay 30 minit repo ki peye pou anplwaye k ap tire lèt tete

Baze sou angajman Gouvènè a pou amelyore sante matènèl ak timoun ak sipòte fanmi nan espas travay la – sa enkli premye pwogram konje prenatal peye nan nasyon an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo lwa ki egzije anplwayè yo pou bay 30 minit repo peye pou anplwaye yo tire lèt tete antre ki anvigè mèkredi. Manda sa a aplike chak fwa anplwaye yo gen yon bezwen rezonab pou tire lèt tete epi li pwolonje jiska twazan apre akouchman.

"Antanke premye manman Gouvènè New York, mwen ap goumen chak jou pou bay paran ki ap travay yo pwoteksyon yo bezwen pou kenbe fanmi yo solid ak an sante," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan pwogram konje prenatal rive nan lejislasyon sa a ki mande anplwayè yo pou bay manman k ap bay tete tan ki nesèsè anpil, eta nou an ap kontinye defann paran yo nan espas travay la epi pwoteje sante matènèl ak timoun."

Gen enfòmasyon konplè sou dwa anplwaye yo ak egzijans anplwayè yo konsènan zafè tire lèt tete nan espas travay la disponib sou [pai](#) resous ki dedye Depatman Travay Eta New York (NYSDOL).

Daprè nouvo lwa a, anplwaye yo kapab tou itilize tan repo ki peye deja oswa lè manje pou nenpòt ki lè ki depase trant minit. Sa a make yon chanjman enpòtan nan egzijans anvan an, kote anplwayè yo te sèlman oblije bay tan rezonab ki pa peye pou rezon sa a.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Lejislasyon sa a reprezante yon gwo viktwa pou paran ki ap travay atravè Eta New York. Lè nou bay tan repo peye pou tire lèt tete, nou pa sèlman sipòte paran yo ak tibebe yo, men tou nou ap ranfòse enpòtans politik nan espas travay ki bon pou fanmi

yo. Depatman Travay rete angaje pou asire tout anplwayè yo respekte nouvo estanda sa yo epi tout anplwaye yo konnen dwa yo."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Lè nou bay tan repo peye pou tire lèt la, sa montre sipò nou bay paran ki ap travay yo ak anviwònman travay ki bon pou fanmi yo. Lèt tete/pwatin gen eleman nitritif ki ede tibebe yo konbat viris ak bakteri, sa ki enpòtan nan premye mwa yo, epi tibebe ki pran tete/pwatin yo gen mwens enfeksyon ak maladi, sa ki ka vle di mwens jou travay pou paran yo rate. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li mete sou pye lwa sa a epi li bay Nouyòkè yo resous pou ede yo ekilibre lavi pèsonèl ak lavi pwofesyonèl yo."

Lejislasyon sa a bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte fanmi yo nan espas travay la. Nan kad bidjè ane fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò pou etabli premye pwogram konje prenatal nan peyi a, ki ofri paran ki ansent yo yon lòt 20 èdtan konje maladi peye pou swen prenatal ak vizit medikal. Gouvènè a te elaji tou opsyon gadri epi redwi depans lè li [ogmante limit revni kalifikasyon pou gadri a](#) nan nivo maksimòm lwa federal pèmèt, sa ki te benefisye 113,000 fanmi anplis. Anplis, Kredi Taks pou Timoun yo te elaji pou enkli timoun ki poko gen kat ane, sa ki te benefisye plis pase 525,000 fanmi ak prèske 630,000 timoun.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)